SIPÈVIZÈ ELEKSYON, KONTE MIAMI-DADE, FLORID

REGLEMAN POU DEMANN BILTEN VÒT POU VOTE PA LAPÒS

Pou w suiv estati bilten vòt pou vote pa lapòs ou, ou ka vizite sit entènèt nou an nan http://www.miamidade.gov/elections/voter-information.asp.

Nenpòt votè enskri ki elijib pou vote nan yon eleksyon ka mande yon bilten vòt pou vote pa lapòs lè li soumèt demann li nan fason annapre a. Yon demann pou yon bilten vòt pou vote pa lapòs dwe gen ladan non, dat nesans, swa nimewo lisans chofè Florid, nimewo idantifikasyon Florid, oswa kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal, adrès rezidansyèl aktyèl votè a ak dat eleksyon an (yo) kote yon bilten vòt pou vote pa lapòs nesesè. Si bilten vòt la nesesè nan fòma aksesib, tanpri endike sa nan moman demann lan.Yo va aksepte demann pou yon eleksyon pa pi ta pase 5:00 p.m. nan 12yèm jou anvan eleksyon an.

1. **ENTÈNÈT/TELEFÒN** - Moun ka mande yon bilten vòt pou vote pa lapòs sou entènèt nan: www.miamidade.gov/elections, oswa pa telefòn nan 305-499-8444.

2. **ALEKRI/IMEL/FAKS** - Moun ka mande yon bilten vòt pou vote pa lapòs alekri, pa imel nan votebymail@miamidade.gov, oswa pa faks nan 305-499-8401. Demann alekri a **dwe** genyen siyati votè a.

3. **AN PÈSON** - Moun dwe prezante idantifikasyon avèk foto ki genyen non votè a ak siyati li nan moman demann an pèsòn pou yon bilten vòt pou vote pa lapòs.

-Oswa-

4. **LIVREZON A MOUN VOTÈ A DEZIYEN** - (*Pa ka mande plis pase de (2) bilten vòt pou chak eleksyon* si se pa pwòp bilten pa li, eksepte li ka mande bilten vòt adisyonèl pou mari oswa madanm reprezantan an, paran, pitit, gran paran, pitit pitit, oswa frè ak sè reprezantan an oswa mari oubyen madanm moun yo deziyen an.) Moun ka pran yon bilten vòt pou vote pa lapòs nan Depatman Eleksyon Miami-Dade, **2700 NW 87th Avenue, Miami, FL 33172** oswa Biwo Sikisal Depatman Eleksyon ki nan lòbi Stephen P. Clark Center, **111 NW 1st Street, Miami, FL 33128** (pou eleksyon nan tout konte a), jou anvan an ak jou eleksyon an si moun ke votè a deziyen an se yon manm fanmi imedya epi sèlman nan jou eleksyon an si moun ke votè a deziyen an se yon gadyen legal, men li pa yon manm fanmi imedya. Moun ke votè a deziyen an dwe ranpli yon afidavi, ki disponib sou sit entènèt nou an nan www.miamidade.gov/elections, ki fè konnen ke moun votè a deziyen an otorize pou li mande bilten vòt votè a epi endike relasyon li ak votè a. Yo dwe prezante pyès idantifikasyon avèk foto votè a ak reprezantan an ansanm ak yon demann alekri ki soti nan men votè a ki gen enfòmasyon obligatwa pi wo yo ak enfòmasyon annapre yo:
   - Non moun ki ap pase pran bilten vòt pou vote pa lapòs la
   - Relasyon moun ki fè demann lan avèk votè a
   - Si votè a se yon manm fanmi imedya moun yo deziyen an, rezon ki fè votè a dwe fè yon lòt moun pase pran bilten vòt pou vote pa lapòs la
   - Si votè a pa yon manm fanmi imedya moun yo deziyen an, moun yo deziyen an dwe prezante tou yon deklarasyon yon doktè siyen sou papye a antèt doktè a ki di akòz yon ijans medikal ki konsène votè a oswa depandan votè a, votè ke yo mansyone a pa kapab vote nan biwo vòt yo epi li pa kapab pase pran yon bilten vòt pou vote pa lapòs an pèsòn
   - Nimewo lisans chofè Florid, nimewo idantifikasyon Florid, oswa kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal moun ki fè demann lan (si sa disponib)
   - Siyati moun ki fè demann lan (demann alekri sèlman)

Seksyon 12-14 nan Kòd Konte Miami-Dade gen sanksyon pou pase pran ak/oswa retounen bilten vòt pou vote pa lapòs san otorizasyon pou fè sa kòm yon moun yo deziyen.